

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data dina bab opat ngeunaan beda anu signifikan dina ngagunakeun stratégi *questioning* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-B SMP YAS Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa dicindekkeun yén kamampuh siswa dina nulis biografi singget saméméh ngagunakeun stratégi *questioning* kagolong can mampuh, kalayan rata-ratana 55,25. Kitu ogé tina hasil rata-rata unggal aspek nya éta aspék kualitas jeung lingkup eusi kagolong kana katégori sedeng, rata-ratana 3,02; aspék organisasi jeung tampilan eusi kagolong kana katégori sedeng, rata-ratana 3,00; aspék tata basa kagolong kana katégori kurang, rata-ratana 2,45; aspék éjahan kagolong kana katégori kurang, rata-ratana 2,40; jeung aspék karapihan tulisan kagolong kana katégori sedeng, rata-ratana 3,23. Jadi, skor rata-rata ahir tina sakabéh aspék nya éta 16,57 kalayan rata-rata peunteun 55,25.

Kamampuh siswa dina nulis biografi singget sabada ngagunakeun stratégi *questioning* kagolong mampuh, kalayan rata-ratana 74,40. Kitu ogé tina hasil rata-rata unggal aspék nya éta aspék kualitas jeung lingkup eusi kagolong kana katégori hadé, rata-ratana 4,02; aspék organisasi jeung tampilan eusi kagolong kana katégori hadé, rata-ratana 3,85; aspék tata basa kagolong kana katégori hadé, rata-ratana 3,47; gaya basa kagolong kana katégori hadé, rata-ratana 3,55; éjahan kagolong kana katégori sedeng, rata-ratana 3,32; jeung karapihan tulisan kagolong kana katégori hadé pisan, rata-ratana 4,11.

Aya ningkatna antara kamampuh nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi *questioning*, katitén tina hasil rata-rata pretés sakabéh aspékna nya éta 16,57 kalawan rata-rata peunteun 55,25 jeung hasil rata-rata postés sakabéh aspékna nya éta 22,32 kalawan rata-rata peunteun 74,40.

Ayana béda anu signifikan antara kamampuh nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi *questioning*. Ieu hal bisa katitén tina uji gain

pretés nya éta 55,25 sedengkeun uji gain postés nya éta 74,40. Jadi rata-rata gainna nya éta 19,15. Uji hipotésis ngahasilkeun $t_{itung} \geq t_{tabel}$ nya éta $16,55 \geq 2,40$, hartina yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_o) ditolak. Ieu hal nuduhkeun yén stratégi *questioning* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget ka siswa kelas VII-B YAS Bandung.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget, nya éta:

- 1) Strategi *questioning* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis biografi singget. Ku kituna, strategi *questioning* bisa dijadikeun alternatif strategi pangajaran dina pangajaran nulis, hususna dina pangajaran nulis biografi singget;
- 2) Dina panalungtikan nulis biografi singget ngagunakeun strategi *questioning* aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nya éta nangtukeun strategi pangajaran anu cocog pikeun nepikeun matéri, maham kana strategi-strategi *questioning*, ngararancang pangajaran kalayan bener jeung bisa nyiptakeun suasana kelas anu ngirut; sarta
- 3) Ku sabab ieu panalungtikan masih kénéh loba kakurangan tur ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan anu ngagunakeun métode-métode séjén anu medar ngeunaan strategi *questioning* nu leuwih jembar deui ambahanana, sangkan leuwih bisa dipercaya.